

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ngalarapkeun kurikulum dina mangsa kiwari mah henteu saukur niténan matérina wungkul, tapi kumaha carana matéri anu didugikeun ku guru ka siswa téh miboga ma'na. Anu antukna yén guru téh kudu ngaping siswa kalayan siswa miboga waktu nu cukup pikeun neuleuman konsep jeung nguatkeun kompeténsina. Ieu hal dirojong ku métodeu pangajaran Ki Hajar Dewantara dina (Mufidah & Kuswanto, 2020, kc. 46) yén guru téh kudu bisa *momong*, *among*, jeung *ngemong*. Demi *Momong* téh hartina ngurus atawa ngadidik, *among* hartina méré kabébasan dina diajar, jeung *ngemong* hartina ngaping diajar siswa.

Dumasar filosofi Ki Hajar Dewantara di luhur miboga tujuan sangkan jadi motivasi siswa dina numuwuhkeun bakatna jeung rasa percaya diri, euweuh paksaan, jeung asalna tina kasadaran dirina sorangan. Guru nungtun unggal léngkah siswa dina narima pangajaran di sakola sangkan jadi pibekeleun hirupna jaga.

Stratégi atanapi usaha anu dilaksanakeun ku guru penting pisan pikeun nangtukeun arah tujuan pangajaran anu rék dihontal ku siswa salila diajar. Tangtu dina nerapkeun élmu pangaweruh ka siswa, guru ogé kudu miboga kamampuh dina ngamekarkeun kompetensi jeung poténsi anu aya dina dirina ogé numuwuhkeun sikep anu luhung ku ajén-ajén moral tur parigel. Suprihatiningrum dina (Pujiarti spk., 2023, kc. 14) nétélakeun yén guru miboga peran minangka modél keur siswa. Kajembaran jiwa, wawasan, jeung pangaweruh guru di lingkungan masarakat bisa ngaping siswa sangkan mikir luyu jeung jamanna mikir pikeun nyiptakeun mangsa nu bakal datang leuwih hadé.

Pangajaran basa Sunda minangka salah sahiji muatan lokal nu aya di Jawa Barat hususna di wilayah Depok, tangtu perlu ayana stratégi atanapi modél pangajaran basa anu matak ngirut ka siswa anu dina campur gaul sapopoéna ogé gado-gado sok sanajan umumna ngagunakeun basa Malayu dialék Betawi. Ku kituna, pamahaman basa atanapi matéri basa Sunda kudu saimbang jeung ngagunakeun basa panganteur basa Sunda setempat atanapi ngagunakeun basa Indonesia.

Malik Fajar, 2025

MODÉL PROBLEM BASED LEARNING BINARUNG MÉDIA WAYANG GOLÉK FABEL DINA PANGAJARAN SISINDIRAN (Studi Ékspérimén ka Siswa Fase D SMP Negeri 11 Depok Taun Ajar 2024-2025)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu masalah téh luyu jeung babagian katégorisasi nangtukeun bahan ajar basa Sunda pikeun masarakat di Jawa Barat hususna mah di wilayah tapel wates. Dina kurikulum 2013 revisi 2017 ogé dina Kurikulum Merdeka dijéntrékeun yén katégorisasi lokal dina nangtukeun bahan ajar dibédakeun kana tilu katégori di antarana waé ieu di handap.

- 1) Kategori A dipaké di daérah anu masarakatna ngagunakeun basa lulugu, nyaéta basa baku jeung resmi nurutkeun ukuran umum di Jawa Barat. Contona waé daérah Bandung jeung sabudeureunana nu henteu fokus kana sababaraha kosa kecap wewengkon anu saeutik ayana.
- 2) Kategori B dipaké di daérah anu masarakatna ngagunakeun basa Sunda wewengkon, nyaéta ragam basa Sunda anu miboga bébédaan jeung basa lulugu, tapi masih dianggep minangka basa Sunda. Bébédaanana bisa ditilik tina tataran fonétik jeung semantik. Contona waé basa Sunda di Kuningan jeung Karawang.
- 3) Kategori C dipaké di daérah anu masarakatna kuat kana basa wewengkon atawa basa daérah husus saperti basa Cirebon (basa Sunda dialék Cirebon atawa basa Jawa dialék Cirebon) jeung basa Melayu dialék Betawi. Contona waé di sababaraha bagian wilayah Kabupatén Indramayu, Kabupatén Cirebon, jeung Kota Cirebon, salian diajarkeun basa Sunda minangka muatan lokal wajib, jeung bisa ngajarkeun basa Cirebon minangka muatan lokal pilihan. Ieu hal ogé lumaku di daérah Kota jeung Kabupatén Bekasi sarta kota Depok anu masarakatna ngagunakeun basa Melayu dialék Betawi, sok sanajan tepi ka ayeuna teu acan bisa diajarkeun di sakola-sakola.

Rarancang capaian mata pelajaran basa Sunda di Sakola téh diimpleméntasikeun kana (1) hirup percéka, muncul dina kaparigelan manajemen diri sarta lingkungan, (2) sadar sarta ngaraksa jeung ngariksa lingkungan boh ka alam, budaya sosial, sarta kearifan lokal anu hirup di wilayah Sunda, (3) tumuwuhna pendidikan karakter anu dimaksud supaya siswa bisa jadi manusa anu parigel (masagi). (Sudaryat spk, 2023, kc. 69)

Upama maluruh kana *Capaian Pembelajaran Muatan Lokal Basa Sunda* dina Fase D (Kelas 7, 8, 9) kurikulum merdeka, miboga udagan ngaping siswa sangkan

miboga kamampuh komunikasi ngagunakeun basa Sunda ogé miboga nalar kritis dina ngaguar basa ogé sastra Sunda. Dumasar kana kamampuh dasar anu kudu dihontal ku siswa ngawengku éleménna nyaéta: 1) Ngaregepkeun (*menyimak*), 2) Maca jeung Miarsa (*membaca dan memiarsa*), 3) Nyarita jeung Midangkeun (*berbicara dan menyajikan/mempresentasikan*). Konten pangajaran basa Sunda kudu ngutamakeun kapunjul daérah jeung kearifan lokal daérahna. Ngaliwatan kaparigelan basa Sunda, siswa dipiharep mikawanoh matéri anu aya unsur basa ogé sastra boh sacara aprésiatif atanapi éksprésif.

Sisindiran minangka matéri anu luyu jeung lingkungan siswa di Depok nyaéta ku ayana tradisi *balas pantun*. Asa leuwih hadé lamun sisindiran téh dilarapkeun ka para siswa dina numuwuhkeun nalar kritis tur parigel dina témpas sindir ngagunakeun basa Sunda. Dumasar kana indikator capaian pembelajaran Sisindiran anu kudu dihontal ku siswa ogé ditangtukeun sangkan siswa bisa nyusun Sisindiran jeung nepikeun ka babaturan sakelas. Ku kituna, Aya dua élemén utama anu kudu dihontal ku para siswa, élemén nulis jeung élemén nyarita (témpas sindir).

Nilik kana lingkungan sabudeureun SMP Negeri 11 Depok anu *notabene* siswana henteu ngagunakeun basa Sunda dina campur gaul sapopoé. Tapi henteu saeutik siswa apal kana basa Sunda tapi teu lancar nyarita ku basa Sunda. Anapon dina ieu panalungtikan nyosok jero nerapkeun inovasi métodeu ogé modél pangajaran anu bisa matotoskeun prosés diajar basa Sunda luyu jeung kondisi lingkungan nu aya. Salah sahiji modél anu bisa matotoskeun masalah pangajaran nyaéta Modél *Problem Based Learning* (PBL).

Modél *Problem Based Learning* ngalatih siswa sangkan ngirut nalar kritis ogé bisa ngamekarkeun kaparigelanana dina matotoskeun masalah anu aya hubunganna jeung matéri pangajaran. Siswa dibimbing ku guru dina milarian informasi atanapi kamampuh pikeun matotoskeun masalah sacara kontéktual anu karasa tur ka alaman ku siswa sapopoé. Yuliana (dina Widayarsi spk., 2024, kc. 62) nétélakeun yén pangajaran berbasis masalah pikeun siswa dina ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung kapercayaan diri. Kaonjoyan tina pamarekan pangajaran berbasis masalah téh (1) leuwih gampang nerap pamahaman matéri siswa, (2) ngaronjatkeun pangaweruh siswa dina ngajembaran konsep-konsep anyar, (3) ngarojong siswa sangkan aktif dina prosés pangajaran, (4) ngarojong siswa

nerapkeun pangaweruh dina situasi kahirupan nyata, jeung (5) ngamekarkeun kamampuh mikir kritis sarta ngaronjatkeun kaparigelan siswa.

Modél pangajaran téh pola anu digunakeun dina ngararancang pangajaran di kelas, tangtu perlu ayana média pangajaran anu bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa. Nurutkeun Wiratmojo jeung Sasonohardjo (dina Junaidi, 2019, kc. 45) Ngagunakeun média pangajaran dina tahap oriéntasi pangajaran bisa mantuan éféktifna prosés pangajaran ogé dina nepikeun pesen jeung eusi pangajaran. Média pangajaran téh tarékah sangkan siswa leuwih sumanget diajar.

Dina tujuan pangajaran anu dirancang pikeun bahan diajar siswa ka hareupna nyaéta salahsahijina ngeunaan pangajaran sastra anu sacara husus aya dina matéri Sisindiran. Loba masalah anu karandapan dina hirup-huripna budaya Sunda di Depok. sangkan barudak wanoh tur maham ngeunaan Sisindiran, perlu ayana stratégi dina pangajaran anu cocog pikeun siswa luyu jeung lingkungan sabudeureunana.

Inovasi dina Modél *Problem Based Learning* nu aya diadumaniskeun jeung Média Wayang Golék Fabel. Minangka média budaya, Wayang Golék Fabel bisa dijadikeun stimulus anu bisa ngirut diajar siswa sangkan leuwih wanter dina midangkeun témpas sindir ka balaréa ku ngagunakeun karakter wayang nu aya dina Média Wayang Golék Fabel. Média Wayang Golék Fabel téh nyaéta inovasi wayang golék anu karaktérna téh tina sasatoan anu dijadikeun salasahiji média pikeun ngawanohkeun wayang ka barudak leutik hususna, umumna keur masarakat anu aya di sabudeureun kota Depok.

Kaonjoyan dina ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran sisindiran pikeun guru sangkan parigel dina ngamangpaatkeun jeung ngagunakeun média pangajaran ogé dina prosés diajar siswa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita (témpas sindir) siswa. Ieu média bisa numuwuhkeun minat jeung motivasi diajar siswa di kelas. Utamana dina nyarita, siswa midangkeun témpas sindir téh bakal resep sabab bébas milih karakter Média Wayang Golék Fabel nu rék digunakeun. Ku kituna, aya prosés kréativitas siswa dina ngolah média nu disaluyukeun jeung karakter wayangna. Dina midangkeunana ogé siswa bisa ngaronjatkeun kamampuh gawé bareng dina ngawangun komunikasi anu leuwih hadé jeung babaturan anu diajak témpas sindir.

Pangajaran basa Sunda anu ngandung ma'na téh sakumaha siswa bisa meunang informasi ngeunaan basa jeung sastra Sunda minangka stratégi dina prosés diajar siswa. Ku kituna, aya sawatara panalungtikan kantos dilaksanakeun ngeunaan Model atanapi média nu sarua. Di antarana waé: “Penerapan Model *Problem Based Learning* Bantuan Media Video Terhadap Belajar Biologi Materi Sistem Eksresi Kelas XI SMA Pencawan School Medan” ku Winda Sari (2019). “Penggunaan Modél *Problem Based Learning* (PBL) dibantuan ku Media Wayang” ogé kagambar dina jurnal anu diajengkeun ku Rizka Agil Wiranti jeung Dahlia Rineva Puspita Sari (2022) “Penggunaan Model *Problem Based Learning* (PBL) berbantuan Media Wayang Golek Untuk Meningkatkan Hasil Belajar Bahasa Indonesia kelas II SD Negeri Cipageran Mandiri II”.

Dumasar panalungtikan di luhur katitén kamampuh nulis, ngaregepkeun, jeung nyarita ngagunakeun modél jeung média anu rada mirip. Ku kituna, ieu panalungtikan saluyu jeung nu dipedar dina panalungtikan saméméhna nu sarua. Ngan bédana, nyaéta Modél *Problem Based Learning* diadumaniskeun jeung Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran sisindiran anu baris dilarapkeun ka siswa.

Média Wayang Golék Fabel minangka alat peraga anu numuwuhkeun kamampuh komunikasi siswa, utamana dina kamampuh nyarita (témphas sindir) ieu média bisa méré pangalaman diajar siswa anu atraktif jeung interaktif. Ieu hal saluyu kana impleméntasi kurikulum merdéka yén siswa téh kudu miboga peran aktif dina prosés pangajaran. Guru kudu bisa ngararancang prosés pangajaran anu bisa ngamekarkeun pendidikan karakter ka siswa kana ajén-ajén positif dumasar karakter jeung budaya bangsa. Salian éta, ieu panalungtikan ngagunakeun studi ékspérimén béda jeung panalungtikan saméméhna nu ngagunakeun kuasi ékspérimén dina biologi jeung basa indonésia.

Tina sawatara pedaran ngeunaan modél-modél pangajaran basa Sunda, ieu panalungtikan baris ngalarapkeun modél pangajaran ogé Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran Sisindiran. Cindekna ieu panalungtikan téh dijudulan “Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel Dina Pangajaran Sisindiran (Studi Ékspérimén ka Siswa Fase D SMP Negeri 11 Depok Taun Ajaran 2024-2025).

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Léngkah awal panalungtikan nya éta kudu ngaidéntifikasi masalah sangkan museur kana panalungtikan jeung ayana rumusan masalah anu langkung jéntré.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, yén siswa tingkat SMP hususna di Depok perlu ngagunakeun stratégi atawa modél jeung média pangajaran anu matak ngirut siswa diajar di kelas. Pangaruh Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel bisa jadi sarana pikeun nyiptakeun suasana diajar anu hadé tur sakumaha tingkat hadéna modél binarung média anu digunakeun. Anu utamana dina ngalarapkeun élemén nulis ku Modél *Problem Based Learning* jeung nyarita (témphas sendiri) ku Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran Sisindiran. Ieu stratégi bisa ngalatih mikir kritis siswa ogé karep pikeun siswa bisa tampil di hareupeun kelas ngadadarkeun hasil mikirna ka balaréa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sawatara masalah anu dipedar dirumuskeun saperti ieu di handap:

- Kumaha kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel?
- Kumaha kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran ngagunakeun modél konvensional?
- Naha aya bédana anu signifikan kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran nu ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* jeung ngagunakeun modél konvensional?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina tujuan panalungtikan baris ngadéskripsikeun tujuan panalungtikan, satuluyna dibagi jadi dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung khusus. Anapon tujuan umum jeung husus baris dipedar saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji éféktifitas Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran Sisindiran.

1.3.2 Tujuan Khusus

Dina tujuan khusus panalungtikan baris didésripsikeun luyu jeung rumusan masalah saperti ieu di handap.

- a. kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sendiri) sisindiran ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel;
- b. kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sendiri) sisindiran ngagunakeun modél konvensional; sarta
- c. bédana anu signifikan kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sendiri) sisindiran nu ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* jeung ngagunakeun modél konvensional.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan baris dipedar pikeun meunangkeun kauntungan dina panalungtikan anu dibagi dua dina mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mekarkeun tiori pangajaran basa Sunda utamina dina pangajaran sisindiran pikeun siswa nu lain urang Sunda dilarapkeun kana pangajaran nulis jeung nyarita (témpas sendiri) sisindiran. Ku kituna, ieu panalungtikan ngawinkeun modél pangajaran ogé média pangajaran budaya dilarapkeun dina Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan nu dilaksanakeun dipiharep aya mangpaat praktis pikeun panulis ogé masarakat, tiasa ditiénan saperti ieu di handap.

- a. Pikeun siswa, strategi pangajaran anu ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* jeung Média Wayang Golék Fabel éféktif dilaksanakeun dina pangajaran sisindiran hususna dina kamampuh nulis tur nyarita dina témpas sindir sisindiran basa Sunda;
- b. Pikeun guru, ngamekarkeun kaparigelan ogé jadi bahan bandingeun dina milih métode atawa stratégi pangajaran sisindiran.
- c. Pikeun panalungtik, bisa nyiptakeun strategi anyar dina ngawinkeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran sisindiran.

1.5 Sistematika Laporan Panalungtikan

Sistematika laporan panalungtikan anu baris dilaskanakeun téh aya genep bab. Unggal bab disusun sacara ngaruntuy jeung tiasa ngadéskripsikeun hasil panalungtikan.

Bab I Bubuka, ngébréhkeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat téoritis, mangpaat praktis, jeung sistematika laporan panalungtikan.

Bab II Ulikan Pustaka, ngawengku ulikan tiori jeung panalungtikan saméméhna. Eusina ngawengku modél pangajaran, modél *Problem Based Learning*, média pangajaran, wayang golék fabel, kamampuh nulis, kamampuh nyarita, pangajaran Sisindiran, jeung Modél *Problem Based Learning* binarung média wayang golek fabel dina pangajaran sisindiran raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III Métode panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung uji sipat data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, médar déskripsi hasil data panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sindir) sisindiran ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel, kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sindir) sisindiran ngagunakeun modél konvénsional, sarta bédana kamampuh nulis jeung nyarita (témpas sindir) sisindiran ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel jeung ngagunakeun modél konvénsional.

Bab V Pedaran analisis data dumasar kana hasil panalungtikan anu dilaksanakeun. Dina ieu bab medar sagemblengna hasil analisis data panalungtikan.

Bab IV Kacindekan jeung Saran, hasil analisis data anu dipedar dina bab V. Kitu deui, dina ieu bab ngébréhkeun implikasi jeung rékoméndasi atawa saran.